



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 25 MILYON DOLA POU FOUNI ASISTANS LEGAL GRATIS POU LOKATÈ KI AN DIFIKILTE YO

Finansman federal pou bay asistans legal pou lokatè ki gen revni fèb k ap fè fas ak ekspilsyon nan zòn kote sèvis legal gratis yo limite

Elaji aksè ak sèvis legal gratis ki finanse piblikman pou lokatè nan 57 konte andeyò NYC yo

Yo pral sispann nouvo aplikasyon pou Pwogram Èd Ijans pou Peye Lwaye a dimanch swa nan pifò zòn nan Eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo pral itilize 25 milyon dola nan finansman federal pou bay asistans legal gratis bay lokatè ki gen revni ki fèb yo k ap fè fas ak ekspilsyon nan zòn nan eta a andeyò Vil New York kote aksè ak èd legal gratis pou satisfè bezwen lokatè sa yo. Asistans legal la vize pou ede alafwa lokatè yo ak pwopriyetè yo rezoud konfli ki gen rapò ak lwaye a epi kenbe estabilite lojman lokatè yo. Yo pral anonse benefisyè finansman sa a lendi.

"Pandemi an montre nou ke chak Nouyòkè merite estabilite yon kay", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman enpòtan sa a pral ede lokatè ki gen difikilte yo jwenn asistans legal gratis yo ka konte sou yo pou yo rive jwenn yon rezolisyon ak pwopriyetè kay yo epi evite posiblite pou pwosedi ekspilsyon yo. N ap kontinye fè presyon pou plis finansman federal pou Pwogram Èd Ijans pou Peye Lwaye a (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) pou bay lokatè yo soulajman."

[Pi bonè jodi a](#), Gouvènè Hochul te anonse ke Eta New York te mande ofisyèlman 996 milyon dola nan finansman federal adisyonèl nan men Depatman Trezò Ameriken (U.S. Department of Treasury) an pou Pwogram Èd Ijans pou Peye Lwaye a. Demann pou fon sa yo ta kouvri bezwen yo prevwa pandan kat pwochen mwa yo, dapre aplikasyon yo deja soumèt yo, ansanm ak yon pati nan bezwen yo prevwa pou lokatè k ap viv nan lojman ki piblikman sibvansyone yo.

Eta New York dènyèmandepase 1 milya dola nan peman dirèk bay pwopriyetè yo epi kounye a li konplètman angaje 2.4 milya dola li a nan finansman - mwens pase sis mwa apre yo te pran premye aplikasyon yo. Yo pral kontinye aksepte aplikasyon yo jiska dimanch 14 novanm jiska 10 p.m. Pwogram nan pral sispann aksepte nouvo

aplikasyon nan moman sa a, eksepte nan zòn sa yo, kote alokasyon yo poko fin epuize, epi kote yo ankouraje lokatè yo pou yo aplike: Konte Dutchess, Konte Nassau (ki pa enkli vil Hempstead oswa Oyster Bay), Konte Niagara, Konte Oneida, Konte Saratoga, Konte Suffolk (ki pa enkli vil Brookhaven oswa Islip), Konte Westchester (ki pa enkli vil Yonkers).

Nan kad lwa a, yo te mete 25 milyon dola nan finasman federal apa pou bay sèvis legal pou lokatè yo k ap fè fas ak pwosedi ekspilsyon ak pou ede yo kenbe establiite lojman nan zòn nan eta a kote aksè ak èd legal gratis pou sèvis sa yo pa vrèman disponib. Rezidan Vil Nouyòk deja gen aksè ak reprezantasyon legal gratis nan tribinal lojman pou ede evite ekspilsyon.

Barbara C. Guinn, ki se Komisè Egzekitif Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta a, k ap administre sibvasyon pou asistans legal yo, te deklare, "Elaji disponiblite asistans legal pou lokatè yo esansyèl pou ede New York evite yon kriz lojman pandan rezidan yo atravè Eta a kontinye ap lite pou peye aryere pou lokasyon ki te akimile pandan pandemi an. Asistans sa a pral ede moun yo ak fanmi yo travay ak pwopriyetè yo pou ede yo kenbe yon lojman ki estab. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te pran mezi pou ede lokatè yo ak pwopriyetè yo rezoud konfli epi evite ekspilsyon yo."

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Ane sa a nou te goumen anpil pou pwoteje lokatè yo kont ekspilsyon tankou mande yon moratwa ekspilsyon federal. Mwen rekonesan paske pandan moratwa federal la te ekspire, Gouvènè Hochul te siyen yon moratwa ekspilsyon pou eta New York ki montre nesosite reyèl pou pwoteje lokatè yo pandan pandemi sa a ap kontinye. Mwen konplètman sipòte asistans legal pou lokatè yo, ki pral yon kout men vital pou elektè mwen yo nan Westchester ak nan Bronx. Nou bezwen etabli chak rezo sekirite sosyal pou ede ak sipòte pèp la pandan n ap kontinye jwenn solisyon pou konbat ensekirite lojman."

Senatè Eta Liz Krueger te deklare, "**Pandan ke pandemi COVID-19 la kontinye ap fè raj, menas ekspilsyon an kontinye ap plane sou twòp Nouyòkè. Gras ak siksè administrasyon Gouvènè Hochul la nan pwogram ERAP la, Eta New York se yon lidè nan retire lajan sa a pou mete nan men pwopriyetè yo pou kenbe Nouyòkè yo lakay pa yo. Men, reyalite a se, tou senpleman lajan pa ase pou satisfè bezwen an. Eta New York gen pi gwo pousantaj fwaye ki se lokatè nan peyi a, e majorite nan yo sitiye nan Vil Nouyòk. Mwen bat bravo pou gouvènè a paske li te mande finansman adisyonèl nan men Washington - finansman ke Nouyòkè yo bezwen ak merite - epi paske li asire lokatè ki gen revni fèb andeyò NYC yo pral gen aksè ak asistans legal ki nesèsè anpil."**

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud te deklare, "Atravè Eta New York, lokatè yo ak pwopriyetè yo kontinye ap fè fas ak difikilte akòz enpak ekonomik Pandemi an. Ak finansman federal ERAP yo ki prèske fin epuize, anons jodi a pou 25 milyon dola pou sèvis legal pro-bono nan tout eta a demontre yon angajman solid anvwè moun k ap fè fas ak ekspilsyon ak difikilte ak sezo ivè a k ap avanse a gran pa. Mwen mete ansanm

ak Gouvènè Hochul ak kòlèg eli nou yo pou kontinye defann plis finansman ERAP pou ede lokatè ak pwopriyetè New York yo."

Manm Asanble Latoya Joyner te deklare, "Lokatè yo ka sijè a pwosedi ekspilsyon ki ta ka koute yo lojman yo, travay yo, aksè yo ak bon jan edikasyon ak byennèt mantal ak fizik yo. Gen aksè ak konsèy legal enpòtan pou fanmi sa yo ki fè fas ak ekspilsyon epi li se yon gwo envestisman nan elaji jistis ekonomik pou tout Nouyòkè yo. "Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li sipòte inisyativ sa a."

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, **"Pandemi COVID-19 la mete lokatè yo ak pwopriyetè yo nan yon pozisyon ki difisil, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te travay ak gouvènman lokal yo pou bay sekou ki nesèsè sa a yon fason efikas. Lè nou bay plis asistans ERAP ak rann li pi aksesib, nou kapab pwolonje yon kout men vital pou moun ki kontinye ap lite ak fado finansye a ak ensètitud pandemi an."**

Majistra Buffalo Byron Brown te deklare, **"Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye bay fon pou rezidan Buffalo yo ki toujou ap lite ak ensekirite lojman akòz pandemi an. 25 milyon dola sa a pral ede pwoteje rezidan yo pou yo pa kite kay yo ilegalman oswa enjis pandan n ap antre nan sezon ivè a. Mwen vle tou mete aksan tou sou nesèsite pou plis finansman nan men gouvènman federal la pou kenbe moun yo lakay yo. Rejyon nou an toujou pa ko rekipere nèt apre kriz ekonomik pandemi an epi anpil rezidan pral kontinye bezwen asistans pou lokasyon jiskaske yo ka retounen sou de pye yo. Finansman adisyonèl sa a pral enpòtan anpil pou kenbe entegrite katye nou yo epi pou kenbe rekiperyasyon an, ke Gouvènè Hochul te ede ankouraje, sou bon chemen an isit la nan Buffalo."**

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, **"Ofri finansman pou asistans legal gratis ak sèvis estabilite lojman pou ede lokatè yo evite ekspilsyon se egzakteman kalite apwòch konplè nou bezwen pandan New York ap tann finansman adisyonèl nan men gouvènman federal la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li te bay finansman sa a epi mwen rejwenn li pou mande plis finansman pou Pwogram Èd Ijans pou Peye Lwaye a."**

Majistra Syracuse la, Ben Walsh te deklare, **"Alafwa pwopriyetè yo ak lokatè yo pral benefisye resous adisyonèl federal sa yo ke Gouvènè Hochul ap deplwaye pou zòn andeyò Vil New York. Asistans legal gratis pou lokatè ki elijib yo ki riske sibi ekspilsyon pral ede evite kriz potansyèl yo. Lè fen moratwa ekspilsyon an rive, nou pral bezwen tout zouti ki disponib pou ranfòse travay patnè kominotè nou yo pou ede pwopriyetè pwopriyete yo ak lokatè yo."**

Majistra Plattsburgh la, Chris Rosenquest, te deklare, **"Plis pase 60% nan kominote nou an se lokatè epi yo souvan bezwen sipò oswa sibvansyon. Menmsi nou wè kèk rekiperyasyon ekonomik apre pandemi an, plis lokatè ak rezidan ki gen revni fèb yo gen aksè ak sipò se plis l ap meye pou tout moun ki enplike yo. Kenbe rezidan yo nan sitiyasyon lojman aktyèl yo pral sètènman kontinye estabilize**

mache rezidansyèl yo ak mache travay yo. Pwogram sa yo asire tou pwopriyetè yo gen aksè konsta ak lokatè ki konstan alontèm."

Majistra Utica a, Robert Palmieri te deklare, "Enpak COVID-19 la te devastè pou anpil moun, epi yo ta dwe bay lokatè ki te fè eksperyans ak difikilte finansye ki gen rapò ak pandemi an asistans legal gratis. Finansman sa a pral asire lokatè yo, ki satisfè kritè elijib yo, yo pral gen pwoteksyon ak reprezantasyon legal apwopriye ak adekwat. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li bay resous ki nesèsè pou inisyativ enpòtan sa a."

Eta New York pami lidè nan pèman ki fèt oswa ki angaje, dapre [Kowalisyon Nasyonal pou Lojman pou Revni ki Fèb \(National Low Income Housing Coalition\)](#), ki swiv mizanplas ERAP la eta pa eta.

###

Lèt nou vèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418